

Prematènèl nan Eta New York

Repons a Kesyon Fanmi yo poze souvan

Kisa Prematènèl Inivèsèl (Universal Prekindergarten)(UPK) la ye?

Nan Eta New York, pre-matènèl (prekindergarten) vini nan plizyè fòm. Prematènèl Inivèsèl (Universal Prekindergarten), oswa UPK, se yon pwogram prematènèl yo ofri fanmi yo gratis ki finance pa leta ak federal, men li pa garanti ke chak timoun ap gen aksè.

Èske pitit mwen an gen dwa pou resevwa sèvis UPK?

Non. Malgre ke UPK vle di "prematènèl inivèsèl (universal prekindergarten)," nan Eta New York, prematènèl pa disponib pou tout fanmi nan tout distri lekòl yo nan moman sa a. Se yon objektif Eta New York ap travay pou li.

Kilè pitit mwen an ka ale nan prematènèl?

Tou depan de distri lekòl la, yon fanmi ka enskri pitit yo pou prematènèl si pitit yo gen twazan oswa kat ane nan dat 1ye desanm oswa anvan. Pou enfòmasyon sou nivo laj yo sèvi yo, tanpri kontakte distri lekòl ou a.

Yon fwa li anrejistre, èske pitit mwen an ap gen Garanti yon plas?

Non. Nan distri kote UPK disponib, antre a baze sou laj kalifikasyon ak sistèm lotri distri a. Tanpri kontakte distri lekòl ou pou w poze kesyon sou posiblite lis datant yo.

E si mwen santi pitit mwen pa pare pou UPK?

UPK se yon pwogram volontè pou toude distri ak timoun yo. Paran ak/oswa moun k ap bay swen yo ka chwazi, men li pa obligatwa, pou enskri timoun yo nan yon pwogram UPK.

Si m chwazi pou m pa enskri pitit mwen nan UPK ane sa a, èske y ap kapab patisipe ane pwochèn?

Non, paske yo t ap kalifye pou antre nan matènèl nan pwochèn ane lekòl la. Sepandan, fanmi yo ka voye pitit yo nan yon pwogram prematènèl apre yo fin ale nan UPK oswa apre yo fin resevwa enstriksyon lakay yo.

Èske yo pral teste pitit mwen an anvan li ale nan UPK?

Wi, kòm nouvo elèv, kèlkeswa laj oswa nivo klas yo, yo oblije fè tès depistaj lè yo antre nan distri lekòl la. Depistaj bay pwofesè yo enfòmasyon ki gen anpil valè sou lang lakay chak timoun, enterè endividyèl yo, fòs ak bezwen yo.

Pitit mwen an ka bezwen pwogram oswa sèvis edikasyon espesyal nan lekòl matènèl, èske yo ka bay sa yo nan yon pwogram UPK?

Wi, distri lekòl yo responsab pou bay sèvis ak pwogram edikasyon espesyal nan anviwonman ki gen mwens restriksyon. Komite edikasyon espesyal distri lekòl ou a ap travay avèk ou pou idantifye kijan ko kapab adrese bi ak objektif pwogram edikasyon endividyaliz (individualized education program) (IEP) pitit ou nan salklas UPK. Anplis de sa, IEP a pral idantifye enstriksyon espesyalize, sèvis ki gen rapò, akomodasyon, ak sipò pitit ou a ka resevwa pou pèmèt yo edike nan yon pwogram UPK enklizif nan limit maksimòm ki apwopriye a. Pou plis enfòmasyon, gade nan Konsèy Depatman Edikasyon (NYSED) Responsablite [Distri Lekòl pou Enklizyon Lekòl Matènèl nan Pwogram Prematènèl ki finanse piblikman](#).

Kijan yo pral sipòte pitit mwen an si lang lakay li oswa lang prensipal li pa Anglè?

Pwogram UPK a pral konekte aprantisaj nan lekòl la ak eksperyans pitit ou a pote soti lakay li. Sipò yo ka gen ladan vizyèl, liv nan plizyè lang, ansanm ak enkòpore lang lakay yo atravè salklas la. Y ap ankouraje timoun yo pou yo sèvi ak tout ladrès lang yo genyen pou ankouraje kwasans yo nan lang anglè. Pou ede pitit ou a navige nan nouvo anviwonman sa a, li enpòtan pou kontinye sèvi ak lang lakay ou, epi kenbe tradisyon, ak kilti ki prezan nan lavi chak jou pitit ou a.